



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/16/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MOLEY MAGNETICS AP RESTORE PLIS PASE 40
DJÒB NAN LWÈS NEW YORK**

***Konpayi Lockport pral pote yon Pwodiksyon Ekstèn retounen nan New York soti
Italy Pèmèt Konpayi Manifakti yo Kontinye Devlope***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Moley Magnetics, Inc., yon manifakti ak distribitè ekipman konstriksyon komèsyal ki lou pral pote pwodiksyon ekstèn soti Italy retounen nan Eta New York, kreye 41 travay siplemantè epi kenbe 19 travay nan etablisman konpayi Lockport.

“Nan itilize investisman nan manifakti ak teknoloji, nap agrandi opòtinite ekonomik ak pote travay retounen nan rejyon an,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman sa a pral ranfòse ekonomi Lwès New York ak solidifye repitasyon rejyon an kòm yon sant pou devlopman ekonomik.”

John Moley, Prezidan, Moley Magnetics, Inc. te deklare, “Pote pwodiksyon sa a retounen nan New York se yon priyorite enpòtan pou Moley Magnetics. Nou paka tann pou nou devlope nan Lockport, ajoute travay, ak kontinye founi pi bon sèvis kliyan posib.”

Pwojè \$2.1 milyon an enkli acha ak renovasyon yon bilding ki toupre anplasman aktyèl Moley Magnetics la nan Lockport. Pwojè sa a enplike tou acha yon nouvo machinri ak ekipman, ansanm avèk founiti ak akseswa ki pral pèmèt konpayi an diminye operasyon Italyen yo epi pote 41 nouvo travay aplentan nan Konte Niagara nan dat 20 Jen, 2020.

Empire State Development pral bay jiska \$900,000 milyon nan pwogram kredi taks eksèsyò ki baze sou pèfòmans an echanj pou garanti kreyasyon travay. Si ESD pat ankouraje pwojè sa a, konpayi a pa tap ka redwi pwodiksyon an nan Italy ak kontinye devlope nan Lockport.

Howard Zemsky, Prezidan, Direktè, ak Komisyònè Empire State Development te deklare, “Desizyon Moley Magnetics pou l pote travay yo retounen soti Italy se yon testaman pou kalite mendèv rejyon Niagara ak Eta New York ak akèy anviwonman an pou devlope yon biznis. Nou bat bravo pou Moley pou siksè ak efò li fè pou l retounen travay yo soti lòtbò dlo.”

Marc Smith, Direktè Administratif, Ajans Devlopman Endistriyèl Vil Lockport te deklare, “Gouvènè a ak ekip devlopman ekonomik li a nan Empire State Development te pran yon angajman enpòtan yon fwa ankò nan Konte Niagara pou l pote nouvo travay ak investisman nan rejyon nou an. Nou paka tann pou nou wè devlopman Moley Magnetics ak akeyi nouvo anplwaye yo nan Lockport.”

Senatè Eta a Rob Ortt te deklare, “Kenbe travay gen menm enpòtans ak kreye nouvo. Mete plis Nouyòkè kap travay di sou pewòl Moley Magnetics pral ede ranfòse, revitalize ak grandi ekonomi lokal nou an, ak montre yon angajman nan reenvesti nan Lockport. Konpayi manifakti a se yon aktif pou kominote a, e mwen espere ke mouvman sa a pral pwovoke pi bonjan kalite kwasans travay toupatou nan vil ak rejyon an.”

Manm Asanble Jane Corwin te deklare, “Moley Magnetics se yon biznis ki an mouvman e siksè konpayi sa a ak kwasans li mennen plizyè douzèn travay nan Konte Niagara. Li enpòtan pou nou kontinye konstri ekonomi Lwès New York nou an nan mete l pi abòdab pou biznis yo etabli ak rete nan rejyon ak eta a. Mwen paka tann pou m travay avèk kòlèg mwen yo nan lejislati a ak Gouvènè Cuomo pou nou bay sipò ki nesèsè pou pote tounen bon travay ki peye byen yo nan Eta New York.”

Enfòmasyon sou Moley Magnetics, Inc.

Moley Magnetics, Inc. se yon manifakti ak distribitè ki ofri yon envantè konplè sou leman, sizo, pens, tapi, ansanm avèk sèvis espesyal tankou rebati, fabrikasyon ak antretyen. Nou bay liy pwodwi konplè nou an nan feray, demolisyon, tren, resiklaj, ak endistri distribisyon.

Moley Magnetics te kòmanse orijinalman kòm yon atelye pou repara motè e pati biznis la te elaji anpil pandan ane yo. Moley ofri reparasyon pou motè, pomp, ak jeneratè e nou ofri sèvis espesyal tou, tankou fabrikasyon sou mezi, machin izin, pwograme VFD ak konstri panò. Anplis de sa, Moley Magnetics fyè pou l distribiye motè ki pi rafine, aparèy, bwat ekipman ak eleman kontwòl yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418